Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa

Ruka 1:26-38 - *Kuzvarwa kwaJesu kunoziviswa*

26 Mumwedzi wechitanhatu, Mwari akatuma mutumwa
Gabhurieri kuNazareta, guta riri muGarirea, 27 kumhandara
yakanga yatsidzira kuwanikwa nomurume ainzi Josefa,
chizvarwa chaDhavhidhi. Zita remhandara iyi rainzi Maria.

28 Mutumwa akasvika kwaari akati, “Kwaziwa, iwe
wakanzwirwa nyasha zvikuru! Ishe anewe.”

29 Maria akatambudzika zvikuru namashoko ake uye
akashamiswa kuti kukwazisa kwakadai ndekworudzii.

30 Asi mutumwa akati kwaari, “Usatya, Maria, iwe wanzwirwa nyasha naMwari. 31
Uchava nomwana uye uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rokuti Jesu. 32
Iye achava mukuru uye achanzi Mwanakomana woWokumusoro-soro. Ishe Mwari
achamupa chigaro choushe chababa vake Dhavhidhi, 33 uye achatonga pamusoro
peimba yaJakobho nokusingaperi; umambo hwake hahungatongogumi.”

34 Maria akabvunza mutumwa akati, “Ko, izvi zvichaitika seiko sezvo ini ndiri
mhandara?”

35 Mutumwa akapindura achiti, “Mweya Mutsvene achauya pamusoro pako, uye
simba roWokumusoro-soro richakufukidza. Saka mutsvene achazvarwa achanzi
Mwanakomana waMwari. 36 Kunyange hama yako Erizabheti achava nomwana
pamazuva okukwegura kwake, uye mwedzi uno ndowechitanhatu kuna iye ainzi
asingabereki. 37 Nokuti hakuna chinhu chisingagonekwi naMwari.”

38 Maria akati, “Ini ndiri muranda waShe. Ngazviitike hazvo kwandiri sezvamareva.”
Ipapo mutumwa akabva paari.

Mateo 1:18-25 - *Kuberekwa kwaJesu Kristu*

18 Uku ndiko kuberekwa kwakaitwa Jesu Kristu: Maria, mai vake vainge vatsidzirwa
kuroorwa naJosefa, asi vasati vagara vose, achiri mhandara, akaonekwa ava
napamuviri nokuda kwaMweya Mutsvene.

19 Asi nokuda kwokuti Josefa akanga ari munhu akarurama akafunga zvokumuramba
chinyararire, asingamunyadzisi pavazhinji. 20 Asi achiri kufunga nezvenyaya iyi,
mutumwa waIshe akauya kwaari mukurota akasvikoti, “Josefa, mwana waDhavhidhi,

Tazvarirwa Mwana, tapiwa Mwanakomana. Muprofita Isaya 9:6

usatya kutora Maria somukadzi wako nokuti pamuviri paava napo akapabata nokuda kwesimba raMweya Mutsvene. 21 Achava nomwana mukomana wauchazotumidza zita rokuti Jesu nokuti ndiye achaponesa vanhu vake kubva muzvivi zvavo.”

22 Izvi zvose zvakaitika kuti zvizadzise zvakanga zvataurwa naIshe kubudikidza navaprofita vake zvokuti: 23 “Mhandara ichava napamuviri, igozvara mwana mukomana, uye vachamutumidza zita rokuti Emanueri, zvichireva kuti, ‘Mwari anesu.’” 24 Josefa paakapepuka, akaita sezvaakanga arayirwa nomutumwa waIshe, uye akatora Maria somukadzi wake, 25asi haana kusangana naye kusvikira azvara mwana mukomana. Akamutumidza zita rokuti Jesu.
(Verengawo Muprofita Isaya 7:14 NaMuprofita Mika 5:12)

Mutumwa anozviratidza kuna Maria na Josefa.

Josefa

1. Maria wakanga watsidzira kuwanikwa naJosefa somukadzi wake. Akatambudzika kwazvo kunzwa kuti Maria aizova nomwana. Wakafunga kuiteiko? *(Kumuramba chinyararire.)*
2. Ko chii chakashandura pfungwa dzake? *(Mutumwa akazviratidza kwari pakurota.)*
3. Ko chii chakatanga kuudzwa Josefa nomutumwa? *(Usatya!)*
4. Ko mutumwa akamuudza kuti aitei? *(Kuti atore Maria somukadzi wake)*
5. Ko Maria akava nemimba sei? *(Nokuda kwesimba raMweya Mutsvene.)*
6. Mutumwa akati Jesu aizozvarirwei? *(Kuti aponese vanhu kubva muzvivi zvavo.)*
7. Ko Josefa akaitei paakamuka kubva muhope? *(Akaita sezvaakanga arairwa nomutumwa.)*

Maria

8. Ko mutumwa akakwazisa sei Maria? *(Akati akanga akaropafadzwa- Ishe aiva naye.)*
9. Ko Maria akzvitora sei? *(Akatambudzika)*
10. Ko mutumwa akatii mukuedza kumunyaradza? *(Akati usatya!)*
11. Mashoko akanga auya nomutumwa ndeapi? *(Maria aizova nomwanakomana. Zita rake rainzi Jesu)*
12. Maria aiva mhandara asina kumboziva murume. Ko akazova nepamuviri sei? *(Nesimba raMweya Mutsvene.)*
13. Ko Jesu azodaidzwa kuti ani? *(Mutsvene, Mwanakomana waMwari.)*
14. Ko ndeapi mamwe mashoko akataurwa nomutumwa kuna Maria? *(Kuti Erizabete hama yake yakange yava nemimbawo.)*
15. Mhinduro yaMaria yaiti kudiniko? *(Ndiri muranda waJehova)*